

MANYÈL ENFÒMASYON POU MANM OU A CHANJE |

ENFÒMASYON KI AJOUTE NAN MANYÈL ENFÒMASYON POU MANM POU MEDICAID MANAGED CARE/HEALTH AND RECOVERY PLAN ETA NOUYÒK POU PWOGRAM ASIRANS ENTEGRI POU MENEFISYÈ KI KALIFYE NAN DE SANS (IB-DUAL)

Entwodiksyon

Enfòmasyon ajoute nan manyèl pou manm sa a bay enfòmasyon pou manm Pwogram Asirans Entegre pou Moun ki Enskri ki kalifye De fwa yo (IB-Dual). Pwogram IB-Dual la pèmèt manm ki kalifye pou Medicare yo enskri nan MetroPlusHealth Medicaid Managed Care la oubyen nan MetroPlusHealth Enhanced (HARP). Manm yo ap jwenn asirans Medicare ak Medicaid yo atravè MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oubyen MetroPlusHealth Enhanced (HARP), ak Plan MetroPlus Advantage (HMO D-SNP).

Fason Pou W Itilize Enfòmasyon Ki Ajoute Nan Manyèl Enfòmasyon Sa A

Enfòmasyon ajoute sa a pral fè w konnen fason nouvo pwogram swen sante entegre w la fonksyone ak fason w ka jwenn plis nan MetroPlusHealth. Li ba w enfòmasyon ki aplikab pou yon manm IB-Dual (sa vle di, yon manm ki genyen alafwa Medicare ak Medicaid ak menm plan sante a).

Sa gen ladann enfòmasyon sou enskripsyon, dezanskripsyon, aksè nan sèvis, ak fason pou depoze yon plent oswa yon kontestasyon ki ka diferan de sa ki nan manyèl enfòmasyon manm MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oswa MetroPlusHealth Enhanced (HARP)

Lè w gen yon kesyon, al gade manyèl enfòmasyon manm ou an oswa rele Sèvis Manm MetroPlusHealth.

Enskripsyon

Pou w vin manm Pwogram IB-Dual MetroPlusHealth ofri a, ou dwe:

- Gen Medicare Pati A ak Medicare Pati B epi ou dwe enskri nan Pati C nan MetroPlus Advantage Plan (HMO D-SNP),

Anplis nan Manyèl Manm Modèl Swen Jere Medicaid pou Pwogram Benefis Entegre pou Enskripsyon Doub elijib yo (IB-Dual)

Sèvis manm: 866.986.0356 (TTY: 711)

- Ap viv nan zòn sèvis plan an, ki gen ladan konte sa yo: New York (Manhattan), Bronx, Queens, Kings (Brooklyn), ak Richmond (Staten Island),
- Ou dwe yon sitwayen ameriken oswa ou dwe prezan legalman Ozetazini,
- Enskri nan MetroPlusHealth Medicaid Managed Care oswa MetroPlusHealth Enhanced Health and Recovery Plan, epi
- Pa resevwa sèvis swen alontèm kominotè (CBLTSS) pou plis pase 120 jou

Kat Idantifikasyon Plan Sante w (ID)

Aprè w fin enskri, y ap voye yon lèt byenveni pou ou. Nouvo kat idantite MetroPlusHealth IB-Dual ou a ta dwe rive nan 14 jou aprè dat enskripsyon w lan. Kat ou an gen sou li non ak nimewo telefòn PCP w lan (Founisè Swen Prensipal la). L ap genyen tou Nimewo Idantifikasyon Kliyan w lan (CIN, Client Identification Number). Si gen nenpòt bagay ki pa bon sou kat ID MetroPlusHealth ou a, rele nou tousuit. Kat idantite IB-Dual ou a pa montre ou gen Medicaid oswa MetroPlusHealth se yon kalite plan sante espesyal.

Toujou pote kat idantite IB-Dual ou epi montre li chak fwa ou ale pou swen. Si w bezwen swen anvan kat la vini, lèt byenvini w la se prèw ou se yon manm. Ou ta dwe kenbe kat benefis Medicaid ou a. W ap bezwen kat sa a pou w ka resevwa sèvis MetroPlusHealth pa garanti.

Anilasyon Enskripsyon

Ou ka anile enskripsyon nan pwogram IB-Dual nenpòt lè. Si w anile enskripsyon w nan kouvèti Medicare oswa Medicaid, pwoteksyon w nan pwogram sa a ap sispann.

Ou ka **pa deside** anile enskripsyon w nan pwogram IB-Dual ou a si ou:

- ale pèmanan soti nan zòn sèvis nou an pou pwogram IB-Dual la,
- ou pèdi kouvèti Medicaid ou epi ou pa rejwenn li nan 90 jou (gade "Pèt Elijibilite Medicaid" pi ba a pou plis enfòmasyon),
- resevwa sèvis swen alontèm pou plis pase 120 jou (si MetroPlusHealth wè ou bezwen sèvis swen alontèm pou plis pase 120 jou, y ap ofri w enskripsyon nan yon Managed Long Term Care (MLTC), oswa
- vin yon rezidan pèmanan (pou yon bon bout tan) nan yon mezon retrèt; oubyen,
- ajì nan fason ki fè l difisil pou MetroPlusHealth fè tout sa nou kapab pou ou. Yo ka mande w pou w kite MetroPlusHealth si w pa suiv règ yo, si w fè fwod, oswa si w abize/fè manm plan yo, founisè yo, oswa anplwaye yo mal.

Kouvèti Medicare

Si w retire enskripsyon nan pwogram MetroPlusHealth IB-Dual, ou ka enskri nan yon plan Medicare Advantage. Si ou pa enskri nan yon plan Medicare Advantage, gouvènman federal la pral enskri ou nan Original Medicare pou swen medikal ou ak yon Plan Medikaman Preskripsyon (PDP) pou kouvèti medikaman.

Kouvèti Medicaid

Si w retire w nan pwogram MetroPlusHealth IB-Dual, New York Medicaid Choice ap enskri w nan pwogram Medicaid regilye a.

Remak: Si w retire enskripsyon nan pwogram IB-Dual nan yon erè, tanpri kontakte plan an pi vit posib.

Pèdi kalifikasyon pou Medicaid nan lòt fason.

Si w pèdi kalifikasyon pou Medicaid, pwoteksyon w nan pwogram IB-Dual la ap fini. Sepandan, w ap gen yon peryòd gras 90 jou lè kouvèti Medicare w ap kontinye ak MetroPlusHealth D-SNP. Si w rejwenn kalifikasyon pou Medicaid pandan peryòd gras 90 jou a, y ap retabli kouvèti w nan pwogram IB-Dual la. Si w pa rejwenn kalifikasyon w pou Medicaid nan peryòd gras 90 jou a, w ap responsab pou tout kopeman, koasirans, prim ak/oswa franchiz Medicaid ta kouvri si w pa t pèdi kalifikasyon w pou Medicaid.

Avantaj ak Sèvis

MetroPlusHealth pral kowòdone avantaj Medicare ak Medicaid ou anba pwogram IB-Dual. Pataje frè w pou sèvis ki kouvri nan Medicare yo pral \$0 paske Medicaid pral kouvri kantite frè pataje Medicare w yo.

Antanke manm IB-Dual, ou resevwa avantaj Medicare ak Medicaid ou yo nan menm plan sante a. Pifò nan avantaj ak sèvis sante w yo kouvri atravè Medicare Advantage D-SNP w la. Gade Prèv Kouvèti (EOC) Medicare Advantage D-SNP ou a pou plis detay sou avantaj ak sèvis Medicare ou yo.

MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oubyen pati MetroPlusHealth Enhanced (HARP) nan plan w lan bay yon kantite sèvis Medicaid met sou sa w jwenn ak Medicaid nòmal la. Pou plis avantaj ak sèvis ki kouvri atravè Medicaid Managed Care, gade Pati II nan manyèl enfòmasyon pou manm ou an pou MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oswa MetroPlusHealth Enhanced (HARP)

Pwogram Famasi Medicaid la (NYRx) ap kouvri kèk medikaman san preskripsyon (OTC), vitamin sou preskripsyon, ak medikaman pou tous Medicare Pati D pa kouvri.

MetroPlusHealth pral fè aranjman pou w jwen pifò sèvis ou pral bezwen yo. Ou ka jwenn kèk sèvis, san w pa pase pa PCP w la. Rele Sèvis Manm nan 866.986.0356 (TTY: 711), Lendi pou Vandredi, 8am pou rive 8pm, ak Samdi, 9am pou rive 5pm si w gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen èd ak nenpòt nan sèvis sa yo. Nan lòt lè, rele sèvis repondè pou lè nou fèmen yo nan 800.442.2560.

Gen kèk sèvis ki pa kouvri nan MetroPlusHealth ki disponib grasa Medicaid oswa Original Medicare regilye (pa egzanp, sèvis transpò ki pa ijans ak sèvis ospis). Ou ka

Anplis nan Manyèl Manm Modèl Swen Jere Medicaid pou Pwogram Benefis Entegre pou Enskripsyon Doub elijib yo (IB-Dual)

Sèvis manm: 866.986.0356 (TTY: 711)

jwenn sèvis sa yo lè w sèvi ak kat Asirans Medicaid ou a oswa kat Medicare wouj, blan ak ble w la.

W ap kontinye gen aksè ak sèvis Medicaid nòmal yo pandan enskripsyon w nan Pwogram IB-Dual la.

Otorizasyon Sèvis, Apèl, ak Plent

Sèvis Otorizasyon

Pou sèvis Medicare oswa Medicare ak tout Medicaid kouvri, MetroPlusHealth pral pran desizyon konsènan swen w jan sa dekri nan Chapit 9 *Prèy Kouvèti* (EOC) Medicare Advantage D-SNP ou a. Desizyon sa yo rele tou desizyon kouvèti.

Pou sèvis Medicaid kouvri sèlman, MetroPlusHealth pral pran desizyon konsènan swen ou an dapre Règ Otorizasyon Sèvis ki dekri nan Pati II Manyèl Manm ou a.

Apèl

Paske ou gen tou de Medicare ak Medicaid, fason ou resevwa sèvis ou yo depann de si sèvis sa yo kouvri pa Medicare oswa Medicaid.

Chapit 9 nan EOC Medicare Advantage D-SNP w la di w kijan pou w depoze yon kontestasyon (ki rele tou yon kontestasyon Nivo 1) oswa yon plent konsènan yon desizyon MetroPlusHealth pran konsènan yon sèvis ki pa kouvri pase atravè Medicare (tankou sèvis kiwopatik) lè l sèvi avèk pwosesis Medicare la.

Pati II nan manyèl enfòmasyon pou manm pou MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oswa MetroPlusHealth Enhanced (HARP) ou a di w fason pou w fè yon apèl (yo rele tou yon Kontestasyon Plan) kont yon desizyon MetroPlusHealth pran konsènan yon sèvis Medicaid kouvri sèlman (tankou sèvis swen pèsonèl) pa mwayen pwosesis Medicaid la.

Pou sèvis ki kouvri Medicare **ak tout** Medicaid kouvri, ou ka konteste pwosedi Medicare, pwosedi Medicaid, oswa toude pwosedi yo.

- o Si w suiv pwosedi Medicaid pou w fè kontestasyon, w ap toujou gen 65 jou apati dat Premye Desizyon Negatif MetroPlusHealth pou w itilize dwa w pou kontestasyon Medicare pito.
- o Si w pa di nou ki kalite kontestasyon ou vle a, MetroPlusHealth ap trete kontestasyon w lan kòm yon kontestasyon Medicaid si nou te resevwa apèl ou a nan espas 60 jou apati dat Avi Premye Desizyon Negatif ou a. Si nou resevwa kontestasyon w lan apre 60 jou apati dat avi a, n ap trete l kòm yon kontestasyon Medicare toutotan delè pou depoze yon apèl Medicare pa ekspire.
- o Si delè pou w depoze yon kontestasyon Medicare la ekspire, nou ka ba w plis tan pou w mande yon kontestasyon Medicare. Gade Chapit 9 nan *Prèy Asirans* Medicare Advantage ou a pou plis enfòmasyon sou bon rezon pou w depoze l an reta.

Èd pou kontinye pandan w ap fè apèl kont yon desizyon konsènan swen ou

Si MetroPlusHealth diminye, kanpe, oswa sispann yon sèvis, epi Medicaid pa kouvri sèvis la, ou gendwa kapab kontinye sèvis la pandan w ap tann yon desizyon pou yon kontestasyon.

Ou dwe mande pou yon Kontestasyon Plan Medicaid:

- **Nan espas dis (10) jou soti nan lè yo te di swen w la ap chanje a, oswa**
- **Nan dat chanjman nan sèvis yo pwograme pou fèt, kèlkeswa sa ki pi ta.**

Si Kontestasyon Plan Medicaid ou a lakòz yon lòt refi, ou ka oblije peye pou nenpòt ki benefis kontinyèl ou te resevwa.

Si w pa kontan ak desizyon w fè apèl la, ou ka fè apèl ankò.

- Si kontestasyon an konsène yon sèvis Medicare kouvri sèlman, MetroPlusHealth ap voye dosye w otomatikman bay Antite Analiz Endepandan (Independent Review Entity, IRE) pou Medicare. Gade Chapit 9 EOC Medicare Advantage D-SNP ou sou kontestasyon Nivo 2.
- Si kontestasyon an konsène yon sèvis Medicaid kouvri sèlman, gade Pati II nan manyèl enfòmasyon pou manm pou MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan/MetroPlusHealth Enhanced (HARP) la pou w jwenn enstriksyon sou fason pou w depoze yon demann pou yon odyans san patipri. Nan kèk ka, ou kapab tou depoze yon Apèl Ekstèn.
 - o Si w mande ni yon Odyans san Patipri ni yon Apèl Ekstèn, se desizyon ofisye odyans san Patipri a ki konte.
- Si kontestasyon an enplike yon sèvis Medicare **ak tout** Medicaid kouvri, MetroPlusHealth ap voye dosye w la bay IRE. Ou ka ranpli yon Odyans san Patipri tou. Nan kèk ka, ou kapab tou depoze yon Apèl Ekstèn. Gade Pati II nan manyèl enfòmasyon manm pou MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oswa MetroPlusHealth Enhanced (HARP) pou konnen fason pou depoze yon demann pou yon odyans san patipri ak apèl endepandan.
 - o Si w mande ni yon odyans san patipri ni yon apèl ekstèn, se desizyon ofisye odyans san patipri a ki enpòtan.

Anplis nan Manyèl Manm Modèl Swen Jere Medicaid pou Pwogram Benefis Entegre pou Enskripsyon Doub elijib yo (IB-Dual)

Sèvis manm: 866.986.0356 (TTY: 711)

Èd pou w kontinye pandan w ap tann desizyon Odyans san Patipri

Ou gendwa kapab kontinye resevwa sèvis ou yo pandan w ap tann desizyon Odyans san Patipri a. Kontinyasyon benefis yo posib sèlman si MetroPlusHealth diminye, sispann oswa sispann yon sèvis epi sèvis sa a kouvri pa Medicaid.

Ou dwe mande pou yon Odyans san Patipri:

- **Nan dis (10) jou apati dat Detèminasyon Final Negatif la, oswa**
- **Nan dat chanjman nan sèvis yo pwograme pou fèt, kèlkeswa sa ki pi ta.**

Si Odyans Ekitab ou an lakòz yon lòt refi, ou ka oblije peye pou nenpòt ki benefis kontinye ou te resevwa.

Si w pa satisfè ak desizyon kontestasyon Nivo 2 a pou yon sèvis Medicare kouvri, ou ka gen lòt opsyon pou w fè kontestasyon. Pou plis enfòmasyon sou dwa pou w fè kontestasyon sa yo, gade Chapit 9 nan EOC Medicare Advantage D-SNP w la oswa rele Sèvis Manm yo.

Plent

Paske w gen Medicare ak tout Medicaid, fason w pral depoze yon plent konsènan sèvis ou yo ap depann de si Medicare oswa Medicaid kouvri avantaj la. Chapit 9 nan Medicare Advantage D-SNP EOC w la ap di w fason pou w depoze yon plent konsènan avantaj Medicare yo.

Pati II nan manyèl enfòmasyon pou manm pou MetroPlusHealth Medicaid Managed Care Plan oswa MetroPlusHealth Enhanced (HARP) ou a di w fason pou w depoze yon plent konsènan avantaj Medicaid.

Pou plent konsènan avantaj Medicare ak Medicaid ou yo, ou ka depoze yon plent pa mwayen pwosesis Medicare, pwosesis Medicaid, oswa toulede.

Si w suiv pwosedi Medicaid pou wdepoze plent epi ou pa dakò ak desizyon MetroPlusHealth pran konsènan plent ou a, ou ka fè yon kontestasyon ak MetroPlusHealth.